

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Kabudayaan nya éta kabiasaan manusa nu aya dina kahirupan sapopoé jeung alamna. Sunda mangrupa salah sahiji sélér bangsa anu aya di Indonésia sarta miboga kabudayaan sorangan. Kabudayaan Sunda tangtu loba pisan, sabab ngawengku kabiasaan masarakat anu ngagem kana éta budaya. Koentjaraningrat (1990: 205) nétélakeun yén kabudayaan ngawengku tujuh unsur budaya sacara *universal* di antarana; 1) basa, 2) sistem pangaweruh, 3) organisasi sosial, 4) sistem téhnologi, 5) sistem pakasaban, 6) sistem kapercayaan, jeung 7) sistem kasenian.

Unggal unsur kabudayaan anu *universal* ngajangélék dina tilu wujud kabudayaan nya éta anu ngawengku sistem budaya (*ideas*), sistem sosial (*activities*), jeung unsur-unsur kabudayaan fisik (*artefak*). Sistem religi atawa kapercayaan miboga wujud salaku hiji sistem kayakinan atawa kapercayaan ngeunaan gagasan-gagasan ka-Tuhan-an, déwa, roh, naraka, sawarga, jrrd.

Di sagédéngéun éta hal, sistem kayakinan ngajangélék dina upacara-upacara atawa ritual boh anu sipatna usum-usuman boh nu sipatna kakapeungan. Salian ti kitu, sistem kapercayaan atawa réligi ogé ngajangélék dina wangun barang-barang nu disucikeun atawa dikaramatkeun salaku *property* dina ritual.

Dina unsur *universal*, kasenian nu aya di jero gagasan, hasil pamikiran, jeung carita-carita rakyat. Kasenian mibanda wangun anu ngajangélék dina

kalakuan atawa paripolah antara nu nyipta jeung palaku kasenian atawa pihak anu milu ngarojong kana éta kasenian nya éta pananggap seni, jeung *konsumén* kasenian. Di sagédéngéun éta hal, kasenian ogé miboga kabudayaan fisik anu ngajangélék mangrupa candi, tinunan, jeung barang-barang karajinan.

Seni nya éta salah sahiji wangun kaéndahan. Anu di jerona moal leupas tina kabutuhan jeung kahirupan masarakat. Dumasar kana éta anggapan bisa dicindekkeun yén seni moal bisa leupas tina kahirupan masarakat. Sabab tumuwuhna seni gumantung kana masarakat salaku pangrojongna. Lajuning laku lampah manusa ti taun ka taun tangtu robah, éta hal téh kapangaruhan ku mekarna jaman. Patali jeung hal éta tangtu waé loba hal anu mangaruhan kana unsur-unsur kabudayaan utamana kana unsur kabudayaan Sunda, salah sahijina dina widang kasenian.

Robahna jaman teu bisa disingkahan. Ieu hal ngabalukarkeun kurangna minat jeung aprésiasi kana widang kasenian hususna. Ku kituna, perlu ditarékahan pikeun ngadokuméntasikeun kasenian atawa kabudayaan Sunda. Ieu tarékah dilakukeun sangkan budaya Sunda teu kaeréh ku budaya modern. Salah sahiji kabudayaan nu aya di tatar Sunda nya éta Kuda Rénggong.

Kuda rénggong salah sahiji kasenian pintonan masarakat nu miboga kamonésan sorangan. Ayana kasenian kuda rénggong tangtu teu leupas tina maksud jeung tujuan diciptakeunana.

Teu bisa disingkahan mun saumpamana dina jaman bihari yén kuda rénggong téh salah sahiji ritual anu dilakonon ku masarakat dina mapag tamu

karajaan atawa para inohong dina mangsa harita. Kiwari, kuda rénggong jadi salah sahiji pintonan masarakat dina acara sunatan atawa *festival* kasenian.

Numutkeun Ganjar Kurnia jeung Arthur. S. Nalan (2003:8) kuda rénggong mangrupa salah sahiji kasenian pintonan masarakat nu asalna ti Kabupatén Sumedang. Numutkeun sababaraha seniman, kuda rénggong mimiti aya di désa Cikurbuk, Kecamatan Buah Dua, Kabupatén Sumedang. kuda rénggong mangrupa seni pintonan helaran (*pawai*). Kecap “rénggong” dina kuda rénggong nya éta métafisis tina kecap ronggeng, anu maksudna kamonésan (*Keterampilan*) cara leumpangna kuda anu geus dilatih ngigel nuturkeun wirahma tatabeuhanana.

Dina ieu kasenian pintonan téh dirojong ku sababaraha unsur seni, di antarana seni tari, seni sora, jeung seni musik, anu gumulung jadi karya seni tradisional, tur teu leupas tina ajén-ajén kasundaan nu nyampak di sabudeureun urang. Saperti kasenian kuda rénggong nu aya di Désa Parungsérab, Kec. Katapang, Kab. Bandung.

Sok sanajan ieu kasenian téh asalna ti Sumedang, tapi ari dina wangun nu sagemblengna mah sarua-sarua kénéh. Ngan aya sababara hal wangun anu béda salaku ciri hasna masing-masing, sabab dina tradisi jeung kapercayaan antara masarakat Bandung jeung Sumedang tangtu aya bédana, hal ieu luyu jeung pamadegan Edi Sedyawati (1981: 52), nya éta:

“Seni pertunjukan di Indonesia berangkat dari suatu keadaan dimana ia tumbuh di dalam lingkungan etnik yang berbeda satu sama lain. Dalam lingkungan etnik ini, adat atau kesepakatan yang turun temurun mengenai prilaku, mempunyai andil besar untuk menentukan bangkit rendahnya kesenian.”

Lamun ditilik deui, kasenian kuda rénggong téh miboga ajén filosofis simbol jeung ajén mitos (myth) nu di percaya ku masarakat urang salila ieu, tur can kapaluruh sagemblengna. Naon nu nyampak dina kasenian kuda rénggong tangtu miboga kasang tukang maksud jeung tujuan anu disilokakeun ngaliwatan simbol-simbol.

Dina upacara atawa pintonan kasenian aya anu ngaliwatan simbol (lambang) anu tangtu, modél ayana sasajén, pakéan, gerak. Hal ieu luyu jeung pamadegan Radcliffe-Brown dina Endraswara (2006: 200) nya éta lamun saupamana laku lampah ritual loba mintonkeun simbol, tangtu analisis ritual ogé kudu leuwih museur kana simbol-simbol anu nyampak dina éta ritual.

Turner dina Endraswara (2006: 200) nétélakeun yén ngaliwatan analisis simbol ritual tangtu bakal milu ngeuyeuban jeung milu ngajéntrékeun sacara bener ngeunaan ajén nu aya di jero masarakat, sarta bakal ngaleungitkeun atawa ngajawab kapanasaran ngeunaan bebeneran hiji pedaran.

Patali jeung hal nu dijéntrékeun di luhur, sarta pikeun ngajawab rasa kapanasaran, panalungtik miboga karep pikeun nganalisis ajén filosofis nu nyangkaruk dina kasenian kuda rénggong.

1.2. Watesan jeung Rumusan Maslah

1.2.1. Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, loba pisan ajén-ajén anu nyangkaruk dina kasenian kuda rénggong, sangkan data jeung simbol nu aya dina éta kasenian teu lega teuing, ambahanana ieu panalungtikan kudu diwatesanan.

Ieu panalungtikan ngan ukur medar kajian filosofis nu aya dina kasenian Kuda Rénggong “Lingkung Seni Citra Kencana” Désa Parungsérab Kec. tapang Kab. Bandung.

1.2.2. Rumusan Masalah

Nazir (1988: 133) nétélakeun yén “*Masalah timbul karena adanya tantangan, adanya kesangsian atau kebingungan kita terhadap sesuatu hal atau fenomena, adanya kemenduaan (ambiguity), adanya halangan dan rintangan, adanya celah (gap), baik antara kegiatan atau antara fenomena, baik yang telah ada atau yang akan ada.*”

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, wincikan masalah ieu panalungtikan rék disusun dina wangun patalékan ieu dihandap;

1. Ngadéskripsikeun kasenian kuda rénggong? Hususna di Lingkung seni kuda rénggong “Citra Kencana” Désa Parungsérab Ke. Katapang Kab. Bandung?
2. Ajén falsafah naon waé anu nyampak dina kasenian kuda rénggong? Hususna di Lingkung seni kuda rénggong “Citra Kencana” Désa Parungsérab Kec. Katapang Kab. Bandung?
3. Ajén pangaweruh naon nu bisa dicangkem ku pananggap seni nya éta budak nu disunatan?

1.3. Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh ngabogaan tujuan umum nya éta numuwuhkeun jeung ngariksa budaya tur kasenian nu aya di masarakat, sedengkeun tujuan husus ieu panalungtikan nya éta:

1. Ngadéskripsikeun prak-prakan kasenian kuda rénggong. Hususna di Lingkungan seni kuda rénggong “Citra Kencana” Désa Parungsérab Kéc. Katapang Kab. Bandung?
2. Ngadéskripsikeun ajén-ajén falsafah nu aya dina kasenian kuda rénggong, hususna di Lingkungan seni kuda rénggong “Citra kencana” Désa Parungsérab Kec. Katapang Kab. Bandung.
3. Ngadéskripsikeun ajén-inajén pikeun nu nanggap seni (budak sunatan).

1.4. Mangpaat Panalungtikan

Unggal panalungtikan dina hakékatna mah ngabogaan tujuan. Ieu panalungtikan téh ngabogaan tujuan nu ngawengku;

1. Sacara téoritis, panalungtikan ieu di handap bisa méré sumbangan analisis keur kamajuan paélmuan budaya Sunda. Ti dieu urang bisa meunang gambaran harti jeung fungsi sacara fungsional struktural dina kasenian kuda rénggong.
2. Sacara praktis, panalungtikan ieu bisa muka wawasan masarakat, bisa nambahan pangaweruh salaku hiji pintonan anu unik, sangkan masarakat modéren bisa nyindekkeun sanggeus maca atawa ninggali langsung éta kasenian.

1.5. Anggapan Dasar

1. Kuda rénggong téh mangrupa hasil karsa, cipta, rasa, jeung karya manusa Sunda nu gelarna geus heubeul, sarta kiwari masih dipikawanoh tur dipikaresep utamana ku masarakat Sunda.
2. Sacara lahiriah kasenian kuda rénggong miboga wangun nu béda-béda.
3. Kasenian kuda rénggong miboga ajén falsafah nu luhung.

1.6. Landasan Tiori

Dina nganalisis datana ngagunakeun metodé filsafat sintetis jeung analisis, sangakan hasil nu dipiharep bener-bener kahontal.

1. Metodé Analisis

Numutkeun Achmadi (1995: 20) ngeunaan analisis dina kagiatan filsafat nya éta ngabérédelkeun istilah-istilah atawa pamadegan-pamadegan dina bagian-bagian, nepi ka mariksa ma'na nu aya dijerona. Anapon harti analisis nya éta minangka kagiatan mariksa sacara *konseptual* kana ma'na jeung istilah nu digunakeun. Dina pamadegan nu dijieun, ku jalan analisis éta pisan bisa dipiharep kapaluruh ma'na anyar jeung nguji istilah-istilah ku rupa-rupa conto.

2. Méthode Sintétis

Sintesis mangrupa tarékah pikeun nyieun kacindekan tina kamungkinan-kamungkinan nu aya. Maksudna, ngumpulkeun hiji pangaweruh nu bisa

kacangkem. Dina nyusun sistem pamikiran, para filsuf téh didadasaran ku pamikirannana nu dipangaruhan sajumlahing bahan nu ditéangan.

Dina widang filsafat aya sababaraha métode. Métode asal kecapna *mito-hodos hartina menuju, jalan atawa cara*. Métode mindeng dihartikeun salaku jalan mikir dina widang paélmuhan. Dina widang filsafat métode digolongkeun kana tilu bagian, di antarana;

- a. Métode kritis, nya éta nganalisis istilah jeung pamadegan ku jalan nyieun patalékan anu sarua nepi ka hakekatna dipikanyaho;
- b. Métode analisis, nya éta ngalakukeun introspeksi ku jalan mikir simbol-simbol; jeung
- c. Métode intuitif, nya éta masing-masing atawa nganalisis dina wangun je-roning pikiran nepi kana hakékatna (ditemukan jawabannya), (Achmadi, 1995: 19-21)

1.7. Wangenan Oprasional

Judul ieu panalungtikan nya éta “Ajén Falsafah Dina Kasenian Kuda Rénggong di Désa Parungsérab Kec. Katapang Kab. Bandung” sangkan aya gambaran dina ieu judul, perlu dijéntrékeun wangenan-wangenan istilah dina ieu panalungtikan, di antarana:

1. Ajén falsafah nya éta nilai, harga atawa pangaji anu dihasilkeun tina pamikiran anu ditéangan bebeneranana, pikeun ngungkap hiji pasualan penting dina éta kasenian kuda rénggong misalna ajén falsafah nu aya

patalina jeung agama, sosial (hirup kumbuh sapopoé), politik, jeung sajabana.

2. Kasenian nya éta salah sahiji kaéndahan anu ngawengku tujuh unsur budaya sacara *universal*. Kasenian bisa dicindekkeun nya éta adu manis antara gagasan (*idea*), kagiatan sosial (*activities*) atawa laku lampah manusa dina kasenian jeung benda-benda kasenian (*artefak*), salaku hasil jeung ngarojong kana kasenian.
3. Kuda rénggong nya éta seni pintonan nu mangrupa helaran (*pawai*). Kecap “rénggong” dina kuda rénggong nya éta *metatesis* tina kecap ronggeng, anu maksudna kamonésan (*keterampilan*) cara leumpangna kuda anu geus dilatih ngigel nuturkeun wirahma musik.

1.8. Méthode Panalungtikan jeung Téknik Panalungtikan

1.8.1. Méthode

1. Nangtukeun tempat panalungtikan diayakeun di Désa Parungsérab Kec. Katapang Kab. Bandung.
2. Nangtukeun informan. Keur nangtukeun informan, panalungtikan ieu ngagunakeun konsép Spradley jeung Benard (Endraswara, 2006:203) in-tina informan téh kudu jalma anu maham kana kagiatan anu keur ditlungtik. Nangtukeun informan ngagunakeun Téknik *snowballing*, nya éta dumasar informan anu saméméhna nepi ka meunang informan anyar.
3. Néangan data-data ngeunaan kasenian kuda rénggong, tina buku sumber boh tina media citak atawa *elektronika*.

1.8.2. Téknik Panalungtikan

1. Tehnik Ngumpulkeun Data

Ngumpulkeun data ngagunakeun Téknik *partisipan observation* jeung *indepth interview* numutkeun Adelr, Fontana, jeung Fray, (Endraswara, 2006:203) Téknik ngumpulkeun data ieu masih kénéh sadapur jeung konsep Spradley, yén panalungtik kudu ilubiung langsung dina éta kagiatan sangkan ngagampangkeun dina ngumpulkeun data.

2. Téknik Analisis Data

Panalungtikan ieu ngagunakeun modél kualitatif nya éta mangrupa déskripsi anu leuwih jero ngeunaan fenoména anu aya dina kasenian kuda rénggong. Dina konsép Gertz (Endraswara, 2006:205) anu disebut “*modél for*” jeung “*modél of*” hartina konsép nu aya tuluy dilarapkeun kana réalitas kaayaan sosial budaya, hartina réalitas sosial numutkeun Kaplan jeung Mengers (Endraswara, 2006:205). Nanya ka jalma nu ngalakonan langsung kana éta kagiatan, sangkan ulah aya tapsir *intersubjektif*, anu satuluyna dikorelasikeun.

Keur medar ngeunaan harti jeung kagunaan sacara stuktural fungsional tina kasenian kuda rénggong, digunakeun analisis kuantitatif étnografi. Maksudna anu nalungtik ngadéskripsikeun sacara étnografi ngeunaan laku lampah, paripolah, jeung kekecapan masarakat satempatna.

Laporan data analisis dilakukeun sacara déskripsi, sangkan leuwih jero jeung ku cara ngatur, ngaruntuykeun, ngawilah-wilah, sarta méré ciri jeung klasifikasi data. Dina ieu analisis nu leuwih ditémbongkeun nya éta hasil

data, lamun saumpamana aya penafsiran, panalungtik teu ngalakukeun panalungtikan. Mun aya penafsiran, éta mah hasil informan anu milu jeung anu paham kana harti ritual. Ku cara samodél kitu, dipiharep bakal kapanggih harti jeung kagunaanana kasenian kuda rénggong, utamana keur anu ngalakonan éta kagiatan, leupas ti interpénsi. Ku sabab kitu, dipiharep éta kasenian kuda rénggong téh miboga harti jeung kagunaan.

